



**Department of
Education**

Chancellor David C. Banks

Deklarasyon Dwa Paran pou Konfidansyalite done ak Sekirite

Plizyè lwa ak règleman pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou pitit ou lè enfòmasyon sa yo idantifye yo. Enfòmasyon sa yo, ki gen ladan done espesifik elèv, yo rele yo "enfòmasyon ki ka idantifye yon moun" oswa "PII".

Lwa federal ki pwoteje pitit ou a gen ladan [Lwa Edikasyon sou dwa ak respè vi prive fanmi \(Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA\)](#), [Lwa sou pwoteksyon vi prive timoun sou entènèt \(Children's Online Privacy Protection Act, COPPA\)](#), [Pwoteksyon amandman dwa elèv \(Protection of Pupil Rights Amendment, PPRA\)](#), ak [Lwa sou edikasyon moun ki gen andikap \(Individuals with Disabilities Education Act \(IDEA\)\)](#). Lwa eta yo, tankou [N.Y. Education Law 2-d](#) ak Règleman Komisè Edikasyon Eta Nouyòk; ak [Règleman Chanselye A-820](#) DOE ki gen rapò avèk lwa sa a pwoteje tou konfidansyalite PII pitit ou a.

Dapre lwa eta Nouyòk, si w se yon paran yon timoun nan distri lekòl leta Vil Nouyòk (DOE), ou gen dwa sa yo konsènan vi prive ak sekirite PII pitit ou a:

- Yo pa ka vann oswa divilge PII pitit ou a pou oken objektif marketing oswa lòt objektif komèsyal.
- Si pitit ou a poko gen laj 18 ane:
 - Ou gen dwa pou enspekte ak revize tout sa ki nan dosye edikasyon pitit ou a nan 45 jou apre DOE fin resevwa demand ou ak verifye idantite w.
 - Ou gen dwa tou pou mande chanjman nan dosye edikasyon pitit ou a lè ou kwè yo pa egzat, yo gen konfizyon oswa lè yo vyole vi prive pitit ou a.
 - Dwa w yo pwolonje nan dosye edikasyon kontraktè DOE konsève oswa lòt ajans deyò sou non DOE.
- Ou gen dwa pou yo fè w konnen w si yo vyole oswa divilge PII pitit ou a san otorizasyon.
- Ou gen dwa pou pote plent konsènan vyolasyon posib ak divilgasyon san otorizasyon PII pitit ou a epi pou yo konsidere plent sa yo. DOE dwe ba ou yon repons pa plis pase 60 jou kalandriye apati lè nou resevwa plent ou a. Si DOE bezwen plis tan, y ap fè w konnen poukisa, epi y ap ba w yon dat apwoksimatif pou yon repons.

Kòman pou voye plent nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYSED):

Sou entènèt: <http://www.nysed.gov/data-privacysecurity/report-improper-disclosure>

Pa imèl: CPO@mail.nysed.gov

Pa lapòs :

Chief Privacy Officer
New York State Education Department
89 Washington Avenue, Albany NY 12234

Nan telefòn nan: 518-474- 0937

Kòman pou voye plent nan DOE:

Pa imèl: studentprivacy@schools.nyc.gov



**Department of
Education**

Chancellor David C. Banks

Pa lapòs :

Chief Privacy Officer,
Office of the General Counsel Room 308
New York City Department of Education
52 Chambers St, New York, NY 10007

Lwa ak règleman federal ak eta sa yo tou enpoze egzijans sou DOE ak kèk ajans deyò pou asire PII pitit ou a rete konfidansyèl ak ansekirite. Paegzanp, DOE ak sèten ajans deyò dwe respekte kondisyon pi ba sa yo:

- Yo pral kolekte epi divilge PII pitit ou a sèlman si sa nesèsè pou reyalize objektif edikasyon dapre lwa eta ak federal.
- Garanti yo dwe anplas pou pwoteje PII pitit ou a lè yo estoke oswa transfere. Garanti sa yo dwe satisfè nòm endistri ak nòm bon pratik. Pami egzanp garanti sa yo genyen kriptaj, pwoteksyon kont dife ak pwoteksyon avèk modpas.
- Yo dwe pran etap pou minimize koleksyon, tretman ak transmisyon PII.
- Yo dwe fè trening pou manm estaf DOE ak ajans deyò ki jere PII pitit ou a nan lwa, regleman, ak garanti aplikab ki asosye avèk estanda endistri ak pi bon pratik.
- Yo dwe konsidere egzijans legal nan akò alekri avèk ajans deyò ki resevwa PII pitit ou a nan men DOE, konsènan konfidansyalite ak sekirite PII pitit ou a.
- Ajans deyò yo pa ta dwe kenbe kopi PII pitit ou a yon fwa li pa nesèsè ankò pou objektif edikasyon DOE te divilge li bay ajans deyò a. Yo ta dwe efase PII yo yon fason pèmanan ak ansekirite avan kontra a fini.

Ou ka jwenn [yon lis konplè tout tip done elèv](#) Depatman Edikasyon Eta Nouyòk kolekte. Ou ka jwenn tou yon kopi lis sa a si w ekri Office of Information & Reporting Services, New York State Education Department, Room 863 EBA, 89 Washington Avenue, Albany, NY 12234.